

Mwen enkyete pou sante mantal oswa konpòtman pitit mwen an. Kijan m ka jwenn soutyen pou pitit mwen an?

Ki kalite soutyen sante mantal ak konpòtmantal ki disponib?

Pifò soutyen mantal ak konpòtmantal pou timoun preskolè yo tonbe nan twa kategori:

1. **Sèvis pou pasyan ekstèn** pa egzanp, terapi pale timoun dirije, terapi jwèt, oswa medikaman. Sèvis pou pasyan ekstèn yo bay entèvansyon pou pwoblèm tankou chòk, dèy oswa lòt soufrans mantal, anjeneral nan sesyon chak semèn oswa chak de semèn.
2. **Sèvis Sante Konpòtmantal Entansif (IBHS)** ki gen ladan yo sèvis Analiz Konpòtmantal Aplike (ABA). Gade feyè sèvis ABA a pou plis enfòmasyon. IBHS bay sèvis entansif atravè terapet mobil, konsiltan konpòtmantal ak teknisyen sante konpòtmantal nan anviwònman endividyèl ak an gwoup.
3. **Sèvis pou Fanmi yo** pa egzanp Terapi Entèraksyon Paran-Timoun (PCIT). Sèvis pou fanmi yo travay avèk paran ak pitit pou ankouraje yon atachman emosyonèl ki sen.

Kijan mwen ka fè pou evalye pitit mwen an pou sèvis sante mantal?

1. **Kontakte sèvis pou manm yo pou asirans sante mantal pitit ou a.**
 - **Pou asistans medikal (Medicaid)**, Rele Community Behavioral Health (Sante Konpòtmantal Kominotè) (CBH) nan 888-545-2600.
 - **Pou asirans prive**, Rele nimewo sèvis sante mantal ki sou do kat asirans pitit ou a.
2. **Kontakte yon founisè sèvis ki nan rezo a dirèkteman.**
 - **Pou asistans medikal (Medicaid)**, jwenn founisè ki nan rezo a nan anyè a: <https://cbhphilly.org/members/provider-directory>.
 - **Pou asirans prive**, Ale nan anyè founisè yo sou sit entènèt asirans pitit ou a.



Kisa pou m fè si yon moun nan fanmi m nan kriz?

- **Rele 988** pou nenpòt ijans sante mantal pou timoun kou granmoun.
- **Ale nan sal ijans oswa sant kriz ki pi pre w la.**
 - Philadelphia Children's CRC (CRC Timoun Filadèlfi) a (3300 Henry Ave, East Falls)
 - Children's Hospital of Philadelphia CRC (Lopital Timoun Filadèlfi CRC) (501 S 54th St, Cobbs Creek)

Elve timoun se yon defi. Kibò m ka jwenn soutyen?

Kijan m ka konekte ak lòt paran ki gen timoun ki gen bezwen espesyal?

- **Jwenn yon paran ki an kontak avèk ou** nan yon pakou sanblab atravè Parent to Parent of Pennsylvania. 888-727-2706 www.parenttoparent.org
- **Konekte ak responsab swen yo** atravè Vision for Equality: Pwojè Swen ki Konsidere Chòk. www.visionforequality.org/programs/family-support-projects

Kibò m ka jwenn èd pou pwoblèm kòm paran lakay mwen?

- **Mande yon Patnè Soutyen pou Fanmi** atravè Pwogram Soutyen pou Fanmi Gemma Services la www.gemmaservices.org/community/prevention
- **Mande Sèvis Responsab Swen Paran Bay** nan Sant Tretman Kriz pou Timoun (CCTC). www.cctckids.org/programs-services/center/parent-caregiver-services
- **Jwenn yon gwoup soutyen nan Project FAM! (Pwojè FAM!),** yon pwogram Turning Points for Children. turningpointsforchildren.phmc.org/programs/project-fam
- **Revize videyotèk la nan Families First** nan Temple University Institute on Disabilities (Enstiti sou Andikap Inivèsite Temple la). disabilities.temple.edu/families-first

Kibò m ka jwenn èd pou m jwenn plis resous pou fanmi m?

- **Vision for Equality: Birth-Five Project,** 215-923-3349 x203 www.visionforequality.org/programs/family-support-projects
- **CORA Services Family Navigation Center,** 215-342-7660 www.coraservices.org/family-navigation-center
- **Sant Elwyn Resous pou Fanmi yo.** Si pitit ou a gen yon Pwogram Edikasyon Endividyèl (IEP) atravè Elwyn, mande reprezantan LEA pitit ou a pou l mete w an kontak ak Sant Resous pou Fanmi an pou w ka jwenn èd pou jwenn plis resous.

Kiyès ki ka ede m pou m jwenn soutyen fanmi m bezwen an?

- **PEAL Center,** 215-567-6143, www.pealcenter.org
- **HUNE,** 215-425-6203, www.huneinc.org
- **Disability Rights PA,** 800-692-7443, www.disabilityrightspa.org